


**FDA****U.S. FOOD & DRUG  
ADMINISTRATION**

# Fanm ak HIV

Chak ane, milye de fanmyo enfekte ak HIV. Aprann reyalyite yo. Anseye fanm ki nan fanmi ou ak kominote ou ki jan pou yo anpeche ak trete HIV.

## Ki sa HIV ye?

HIV se yon viris ki lakòz SIDA. Yon moun ki HIV y'ap rele yo HIV pozitif (HIV +). HIV fè li difisil pou kò ou konbatmaladi.



Biwo FDA nan Sante Fanm  
[www.fda.gov/womens](http://www.fda.gov/womens)

## Ki jan ou fè pran HIV?

HIV nan likid kò tankou san, espèm oswa dechaj, oswa lèt tete.

Ou ka pran HIV lè ou:

- Fè lanmou ak yon moun ki gen HIV + epi ou pa sèvi ak yon kapòt.
- Pataje zegwi oswa sereng (pou dwòg) avèkyon moun ki gen HIV.
- Jwenn san nan men yon moun ki gen HIV. Kounye a, tout san moun bay teste pou HIV. Ou pa ka jwenn HIV nan bay san.

Pifò fanm trape HIV paske yo pa gen pwoteksyon le yo dormi ak gason. Toujou sèvi ak yon kapòt chak fwa ou fè lanmou.

Ou pa ka pran HIV nan souke men ou, bo, oswa pataje bagay nan kay la tankou fouchèt oswa linèt avèk yon moun ki gen HIV.

## Ki jan ou konnen si yon moun gen HIV?

Sèl fason pou konnen pou siman se fè yon tès HIV.

- Ou pa ka di ki moun ki gen HIV jis nan gade yo. Pifò moun pa montre okenn siy sou ko yo lè yo premye pran HIV.
- Yon moun ka gaye HIV menm si li pa sanble yo malad.

## Ki jan ou fè teste pou HIV?

Gen twa kalite tès HIV:

- San - Yo pran yon ti kantite de san nan dwèt oswa bra ou.
- Oral - Yo pran likid andedan bouch ou.
- Pipi - Yo itilize yon ti tas pipi.

Kèk tès HIV pran 1-2 semèn pou jwenn rezilta nanyon laboratwa. Lòt tès yo rele "tès HIV rapid" ka bay rezilta nan 20 minit.

Ou ka fè tès nan kote tankou doktè ou, van sante mobil, oswa sanitè jis. Genyen tès HIV lakay ki pèmèt ou teste tèt ou.

# Fanm ak HIV

## Ki Sa “Window Period” ye?

It may take a few weeks or months for HIV to show up on a test. This time is called the “window period.”

- Yon moun ki te jis enfekte ak HIV ka pa menm teste pozitif menm si yo gen viris la.
- Yon moun ka pase viris la bay yon lòt pandan yo lan “Window Period” la.

## Èske gen gerizon pou HIV?

Pa gen okenn gerizon pou HIV. Gen medikaman moun ki gen HIV ka pran pou ede sispann viris grandi nan kò yo.

- Moun ki gen HIV ka bezwen pran 3 oswa plis dwòg chak jou..
- Apre yon tan, ou ka vin malad anpil si ou pa pran medikaman HIV ou yo.
- Moun ki gen HIV pa ta dwe sispann pran medikaman yo san yo pa premye pale ak yon doktè.

FDA te apwouve yon sèl medikaman ke kèk moun ka pran pou bese chans jwenn HIV.

## Ki Sa Fanm Ansent Ta Dwe Konnen De HIV?

Yon fanm ka pase HIV bay tibebe li pandan gwosès, travay, oswa akouchman. Yon fanm kapab pase HIV bay ti bebe li pandan li ap bay tete.

- Fanm ki gen HIV ta dwe pale ak doktè yo anvan yo ansent.
- Fanm ki gen HIV ka pran medikaman pou bese chans pou bay ti bebe li HIV.
- Kèk medikaman pou HIV pa ta dwe pran pandan gwosès paske yo ka lakòz domaj akouchman

Pou aprann plis sou HIV ak SIDA:

Vizite [AIDS.gov](http://AIDS.gov)

Pou jwenn yon sit tes tou pre ou:

Rele 1-800-232-4636 oubyen teks Zip Code ou nan KNOWIT (566948)

Fèy enfòmasyon sa te devlope pa Biwo FDA nan Sante Fanm.  
Pou jwenn lot resous sante pou fanm, ale nan

[www.fda.gov/womens](http://www.fda.gov/womens)